

La décentralisation vise à donner aux collectivités locales des compétences propres, distinctes de celles de l'État, à faire élire leurs autorités par la population et à assurer ainsi un meilleur équilibre des pouvoirs sur l'ensemble du territoire. La décentralisation rapproche le processus de décision des citoyens, favorisant l'émergence d'une démocratie de proximité.

Bi desantralizasyon an, se bay kolektivite lokal yo pwòp konpetans pa yo, pou popilasyon an ka chwazi nan eleksyon pwòp dirijan pa li, pou li ka tabli yon pi bon ekilib nan pouvwa yo, sou tout peyi a. Desantralizasyon an rasanble sitwayen yo nan desizyon yo, li ankouraje devlopman yon demokrasi tout aktè lokal yo.

DÉCENTRALISATION & DEVELOPPEMENT LOCAL

DESANTRALIZASYON & DEVLOPMAN LOKAL

Le défi le plus important du développement local c'est sa capacité à changer les mentalités, à passer des mentalités d'échecs et d'assistés à des mentalités d'acteurs économiques et sociaux, à des mentalités de créateurs.

P. Nardin

Nan devlopman lokal la, defi ki pi enpòtan an, se kapasite li pote pou chanje mantalite yo, soti nan mantalite echèk yo, nan mantalite chita tann yo, rive nan mantalite aktè ekonomik ak sosyal yo, mantalite aktè kap kreye.

P. Nardin

D'UNE IMPULSION INDIVIDUELLE À UNE APPROPRIATION COLLECTIVE

« LIDE-AKSYON » YON MOUN TOUNEN « LIDE-AKSYON » TOUT MOUN



Schéma 1 : D'une idée individuelle à une concrétisation collective

Chema 1 : Lide yon moun tounen aksyon tout moun

Une dynamique de développement local concerne un territoire et une population particuliers. Même si l'impulsion revient à un individu, la gestion et la conduite des activités doivent être confiées à un groupe qui s'approprie le projet afin, à leur tour, de mobiliser d'autres partenaires, d'autres alliés. Le projet n'est alors plus un projet individuel mais un projet collectif pour la collectivité.

Mouvman devlopman lokal la konsènen yon bout tè, ki se yon lokalite, ak moun kap viv sou li. Menmsi lide-aksyon an soti nan yon moun, jesyon ak direksyon aktivite yo se zafè yon gwoup. Se gwoup sa a ki responsab chache patnè ak zanmi pou pwojè a. Kounyeya, pwojè a pa pwojè yon moun. Pwojè a tounen pwojè tout moun nan lokalite a.

ENJEUX DU DÉVELOPPEMENT LOCAL

Articulation entre la démocratie représentative et démocratie participative

Partage du pouvoir

Répartition des ressources

Négociation sur des problèmes communs

Choisir et mettre en œuvre des solutions fondées sur des initiatives locales

DEVLOPMAN LOKAL LA, YON PARI

Maryaj demokrasi reprezantasyon ak demokrasi patisipasyon

Pataj pouvwa yo

Byen separe richès yo

Negosye pwoblèm yo, pwoblèm komen yo

Chwazi ak ekzekite desizyon aktè lokal yo pran nan lokalite a

MOBILISATION DE LA POPULATION LOCALE DANS UNE DYNAMIQUE DE DÉVELOPPEMENT LOCAL

MOBILIZASYON POPILASYON AN NAN MOUVMAN DEVLOPMAN LOKAL LA




Schéma 2 : Evolution du processus de mobilisation

Chema 2 : Pwogresyon mouvman mobilizasyon an

Le processus de mobilisation passe par la constitution d'un noyau dur qui regroupe des porteurs d'initiatives. C'est le noyau dur qui porte la dynamique de développement local.

Pwogresyon mouvman mobilizasyon an fèt ak yon ti gwoup lidè lokal solid. Ti gwoup sa a se poto mitan, se nannan kap pote mouvman devlopman lokal la

Il n'y a pas de dynamique locale sans mobilisation des habitants et des élus du territoire. La fondation d'un projet suit le rythme des acteurs et des activités locaux. La mobilisation est la phase la plus déterminante puisqu'elle garantit l'appropriation du projet par la communauté.

L'objectif est d'amener les habitants à se mobiliser autour d'enjeux reconnus par tous, même s'ils ne sont pas tous communs.

La mobilisation s'adresse à tous les habitants et non à une tranche bien ciblée de la population. L'enjeu est de mettre en perspective les intérêts et les besoins de chacun dans le cadre d'un projet collectif dans un but commun.

Pap gen mouvman devlopman lokal san mobilizasyon tout moun, abitan ak eli lokal yo. Rasin pwojè a tabli dapre aktè yo, dapre aktivite zòn nan. Mobilizasyon an se faz ki pi enpòtan nan tout lavi pwojè a, paske se li ki fè tout moun nan kominote a fè pwojè a vini pa yo, ranmase pwojè a.

Bi mobilizasyon an se rive fè popilasyon an, lidè yo rasanble ansanm pou rive leve defi yo, menmsi defi yo pa menm pou tout moun.

Mobilizasyon an se pou tout abitan lokalite a. Se pa pou yon ti gwoup sèlman. Defi a se gade ansanm ki bezwen, ki enterè chak moun nan pwojè lokalite a.

LE DEVELOPPEMENT LOCAL, UN PROJET DE TERRITOIRE

DEVLOPMAN LOKAL, YON PWOJÈ LOKALITE A




Schéma 3 : Modélisation des échanges dans le système territorial

Chema 3 : Yon modèl echanj nan lokalite a

Les connexions endogènes contribuent à la construction d'une identité de territoire et au renforcement du lien social. Parallèlement le territoire ne peut se satisfaire de fonctionner en circuit fermé au risque de scléroser le projet. Il a donc tout intérêt à engager des échanges avec l'extérieur.

Koneksyon anndan yo, echanj ale vini manm lokalite a, ap bati mak fabrik sosyete lokal la, epi ranfòse tout rapò manm yo. Lokalite a pa kapab fonksyone fèmen san rapò ak lòt. Nan ka kontrè, pwojè lokalite a ap deperi. Devlope echanj ak lòt lokalite yo, se nan enterè mouvman devlopman lokal la.

Le développement local repose sur un territoire, un espace donné dans lequel les acteurs se retrouvent sur des bases de solidarité et d'identité (histoire, culture, valeurs, ...).

L'espace de développement local a plusieurs dimensions géographiques, économique, sociale, politiques, administrative, écologique.

Devlopman lokal la chita sou yon bout tè, yon tèritwa, kote moun yo, aktè yo mare ansanm sou baz listwa yo, kwayans yo, tradisyon yo...

Devlopman lokal la gen pliziyè fòm. Devlopman lokal la konsènen espas jeyografi a, tè a, espas ekonomik la, sosyete a, politik la. Li konsènen administrasyon, anviwònman

DÉVELOPPEMENT LOCAL ET DÉCENTRALISATION

DEVLOPMAN LOKAL AK DESANTRALIZASYON




Schéma 4: Articulation entre la décentralisation et le développement local

Chema 4 : Lyezon ant desantralizasyon ak devlopman lokal

Décentralisation et développement local sont deux mouvements différents. Le premier est un mouvement descendant qui sous-entend une volonté de l'Etat, le second un mouvement ascendant qui implique une dynamique au niveau local.

Desantralizasyon ak devlopman lokal se de (2) mouvman diferan. Premye a se yon mouvman ki soti anlè nan Leta a ki desann. Dezyèm nan se yon mouvman ki soti anba nan lokalite a ki monte




Schéma 5 : Rôles des communes dans une dynamique de développement local

Chema 5 : Wòl komin yo nan mouvman devlopman lokal la



Schéma 6 : Trois composantes clé du développement local

Chema 6 : Twa poto mitan devlopman lokal

Le développement local c'est la démarche de ceux qui ne veulent pas que l'avenir leur tombe sur la tête (E.CHASSAGNE)

Devlopman lokal la se demach tout moun ki pa ta renmen lavni yo tonbe nan tyouboum (E.CHASSAGNE)



Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement - GAFE
Rue François, impasse Burr #4, Musseau, Port-au-Prince
Tél : (00.509)34.01.96.41/36.03.18.94
Mél : contact@gafe-haiti.org
Internet : gafe-haiti.org

Remerciements :

Le GAFE remercie le Centre International d'Etudes pour le Développement Local (CIEDEL) qui l'a autorisé à reproduire les schémas 4 et 5 et qui l'a accompagné dans la production de la plaquette